ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ІПАЧЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№125 (22.783) • 2014 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 1, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр соми 10-щ • advghe@mail.ru advghepsale.ru

2014 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм икІыу хьэжыщІ кІуэнухэм ядэІэпыкъунымкІэ къызэгъэпэщакІуэ комитет къэщтэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм икІыу ислъамым и щІыпІэ лъапІэхэу Мэчэрэ Мадинэрэ хьэжыщІ кІуэнухэм ядэІэпыкъун мурадкІэ:

1. 2014 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм икІыу хьэжыщІ кІуэнухэм ядэІэпыкъунымкІэ къызэгъэпэщакІуэ комитет къэщтэн икІи абы хэтхэр къэщтэн, мы Унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Къэрал властым и республикэ органхэм, щІыпІэ унафэр зезыГакІуэ органхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ органищэхэмрэ чэнджэщ етын хьэжыщІ кІуэнухэм ядэІэпыкъуну.

3. Мы Унафэм къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм мэкъуэгуэгъуэм и 19-м
№59-РГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм мэкъуэгуэгъуэм и 19-м къыдигъэкІа Унафэ №59-РГ-мкІэ къыщІащ

2014 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм икІыу хьэжыщІ кІуэнухэм ядэІэпыкъунымкІэ къызэгъэпэщакІуэ комитетым

хэтхэр

Битокъу В. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ Іи къалэнхэр зыгъэзащІэр *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым и тхьэмадэщ)*

Фыдз Р. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іи и куэдзэр *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым и тхьэмадэм и къуэдзэщ)*

Бэракъ Р. О. - ЩэхуакІуэхэм я хуитыныгъэхэм къащхьщыжьнымрэ щІыхум псэукІэ зэІуэзэщІ иІэнымрэ я Іэнатіэм щыкІэлъыпІэнымкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ *(зэгурыІуэу)*

Бэджыдэ Ю. М. - Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм Гъуэгуэм шынагъэншэу щызекІуэнымкІэ и къэрал инспекцэм и Управленэм и унафэщІыр *(зэгурыІуэу)*

Бесчокъуэ А. Щ. - Минераловодскэ таможнэм и Къэбэрдей-Балъкъэр таможнэ постым и унафэщІыр *(зэгурыІуэу)*

Гергоков Д. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэ Іуэхущ Іапі Іэхэм ядэлэжьнымрэ пІэлъкІ Іуэхуэхэмкіэ и управленэм и унафэщІым и куэдзэр *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым жэуап зыхь и секретарыр)*

Дзасэжь Хь. У. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Муслымэнэхэм я дин Іуэхущ Іапі Іэм и тхьэмадэр *(зэгурыІуэу)*

Дроздов И. П. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ щІыхуб коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІыр

Карныш С. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Лэжьыгъэмкіэ, социальнэ политикэмрэ узынШагъэр хъумэнымкіэ и комитетым и унафэщІыр *(зэгурыІуэу)*

Къудей А. М.- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм транспортымрэ гъэгу хозяйствомкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр

Пугачев А. Н. - «Урысей Федерацэм Шынагъэншагъэмкіэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и гъунапкъэхъуменэ управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ» федеральнэ къэрал кІэзэнэ Іуэхущ Іапі Іэм и унафэщІыр *(зэгурыІуэу)*

Лъеиншэ М. Хь. - Іэпхъуэшапхъуэхэм я Іуэхуэмкіэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуэу)*

Шэт И. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узынШагъэр хъумэнымкІэ и министрыр

ШыбзыхъуэЗ. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэ Іуэхущ Іапі Іэхэм ядэлэжьнымрэ пІэлъкІ Іуэхуэхэмкіэ и управленэм и унафэщІыр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм Къыззрымыкіуэ щытыкІэхэр къэмыгъэхъуэнымкІэ, абыхэм я Іэужьхэр гъэкІуэдыжьынымкІэ, мафІэс шынагъуэншагъэр къыззгъэпэщынымкІэ и комиссэм хэтхэм я Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2014 гъэм мэкъуэгуэгъуэм и 25-м Налшык къалэ №130-ПП

Къыззрымыкіуэ щытыкІэхэр къэмыгъэхъуэным, абыхэм я Іэужьхэр гъэкІуэдыжьным, мафІэс шынагъуэншагъэр къыззгъэпэщынымрэ теухуа лэжьыгъэр зэщІагъэуІуэн икІи ирагъэфІэкІуэн мурадкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм Къыззрымыкіуэ щытыкІэхэр къэмыгъэхъуэнымкІэ, абыхэм я Іэужьхэр гъэкІуэдыжьынымкІэ, мафІэс шынагъуэншагъэр къыззгъэпэщынымкІэ и комиссэм хэтхэр къэщтэн.

2. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм Къыззрымыкіуэ щытыкІэхэр къэмыгъэхъуэнымкІэ, абыхэм я Іэужьхэр гъэкІуэдыжьынымкІэ, мафІэс шынагъуэншагъэр къыззгъэпэщынымкІэ и комиссэм хэтхэм я Іэужьхэ» 2011 гъэм мазаем и 24-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къыдигъэкІа Унафэ №444-ПП-м («Официальная Кабардино-Балкария» №99, 2011 гъэм гъатхэпэм и 4-м) и 1-нэ пунктым къару имыІэжу къэлъытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ І ХРАМОВ Константин



Къэралхэр зэщІагъэхьэным хуэунэтІауэ

КъэхъукъащІэхэм я пэжыпІэр щыхубэм я деж нэхьэсыныр зи къалэн журналистхэр къыщохутэ щІыпІэ куэдым, абыхэм зауэ зэпэщІэтыныгъэхэр щекІуэкІэри хьыхьу. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, щыхэкІуади кьоХуу.

Апхуэдэу Украинэм иджыпсту къыщыхьуэхэм тепсэлъыхь, тетхэхь журналистхэр нэщанэуапІэ ящІауэ фэ тетщ а къэралым хабзэншагъэ, гущІэгъуншагъэ щызылэжь бзаджащІэхэм. Нэхъ пасэу а къэралым щыхэкІуэда журналистхэм къахэхуащ Ягъэ канальм и оператор Клян Анатолэ.

«Сэ сызэригугъэмкІэ, журналистхэр зэрауклыр лъэпкъхэр, къэралхэр зэщІагъэхьэным хуэунэтІауэ ялэжь щІэпхъаджагъэщ», - жиІащ УФ-м и Къэрал Думэм «Урысей зэкъуэтым» щиІэ фракцэм и унафащІ Васильев Владимир, а Іуэхум зэрелпъым теухуауэ зыщыхуагъаазэм.

Псыдзэм егъэгузавэ

Футболымкіэ дунейпсо чемпионатыр щекІуэкІ Бразилием псыдзэ зэрыщІэуам гугъу иригъэхьыр а къэралым исхэм я закъуэкъым. Абы егъэгузавэ а щыналъэм зи щыхуэхр щыІэ къэралхэри.

Псыдзэм и зэранкІэ, щыпсэу щІыпІэхэм къаграгъэІэнхьукІэн хуей хьауад щыху мин 50. Абы ухуэныгъэ куэд зэтрикъутащ, щыху куэд псэупІэнщэу къэнащ. Долларыр мелард 14-м нэблагъэ чемпионатым тезыгъэкІуэда Бразилием, дауи, сыт хуэдэ зэщІыныгъэри зыхиІэнущ, ауэ щыху зэрыхьэмыкІуэдамкІэ я гур иГэсэ?.

Уэлбанэ кІыхьхэм я зэранэхэм щыщІащ чемпионатым и зэІущІэхэр щрагъэкІуэкІ Риу-Гранди-ду-Сул штатри. Фигу къэдгъэкІыжынщи, абы и къалащхьэ Порту-Алегрищ Германиемрэ Алжириямрэ я командэ къыхэхахэм я зэІущІапІэ стадионыр здэщыІэр. Псыдзэр а къалэм дэуами, абы уцІэгуэзвэн къишакъым.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэхэр нэхъыбэ мэхъу

УФ-м и щыхуэхэм дызыхуэкІуэ щыхуэхэм ящыхуэхэм ирихьэлІэ зыгъэпсэхугъуэу 28-рэ яІэнущ.

Социальнэ-лэжьыгъэ зэхущытыкІэхэр уБзыхуэныкІэ лъэныкъуищ комиссэм, УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и куэдзэ Голодец Ольгэ зи унафэщым, апхуэдэ унафэ ищІащ иджыблагъэ.

Махуэшхуэхэм ящыщу 11-р хуоз ильэсыщІэр къыщихьэн. Хэкум и хъумакІуэм, Цыхубзхэм я дунейпсо махуэхэм я щыхьхІэ щыхуэхэм загъэпсэхунущ мазаем и 21 - 23-хэм, гъатхэпэм и 7 - 9-хэм. Абыхэм ящыпащэнущ нахьыгъэ махуэшхуэхэм - Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэхэр - накъыгъэм и 1 - 4-хэм, ТекІуэныгъэм - накъыгъэм и 9 - 11-хэм. Урысейм и махуэм и щыхьхІэ щыхуэхэр махуищ зэкІэ-ІыкІуэкІэ - мэкъуэгуэгъуэм и 12 - 14-хэм - дэсынущ. Цыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэ щэкІуэгъуэм и 4-ми загъэпсэхунущ.

Псыдзэм и щыхьхІэ

♦Камчатскэ крайм и махуэщ

♦Санкт-Петербург щагъэльапІэ реставраторым и махуэр

♦1931 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщІидзащ кьеджэкІэрэ тхэкІэрэ щыхубэм егъэщІэн лэжьыгъэм.

♦1957 гъэм Москва и Театр Иным щызэхэтащ Къэбэрдейр езым фІэфІу Урысейм зэрыгухьэрэ ильэс 400 зэрырикъум и щыхьхІэ Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и гуэдзджэмрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакІуэхэм я иужьрей концертыр.

♦1981 гъэм КЪБР-м и щыхубэ усакІуэ **Кьыщокъуэ Алим** СССР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и секретару хахащ.

♦ТхакІуэ, тхыдэжь щІэрыІуэ, Тыркум щыпсэу ди лъэпкъ-гъуэхэм я деж Іуныджышхуэ щызыІа **Айдемыр (Выщхъэ) Иззэт** къызэралъхурэ ильэс 89-рэ ирокъу.

♦Философие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КЪБР-м щІэныгъэхэмкІэ щыхьхІэ зиІэ и лэжьакІуэ, ЩІДАА-м и академик **Джатэгъэжь Владимир** и ныбжьыр ильэс 80 ирокъу.

♦Шэрджэс жылагъуэ лэжьакІуэ, «Хэкуж» щІыналъэ псапащІэ фонным и тхьэмадэ **Адэмокъуэ Албэрд** и ныбжьыр ильэс 65-рэ ирокъу.

♦2008 гъэм Пекин щекІуэкІа Олимп Джэгуэм алыджъурым бэнэкІэ лІэужьыгъуэмкІэ чемпион щыхъуа **Хъущт Аслъэнбэч** и ныбжьыр ильэс 34-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэу щыщытынущ, уэшх тІэкІу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 23-рэ, жэщым градус 16 - 20 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫСЫ Маринэщ.**

Къэралхэр зэщІагъэхьэным хуэунэтІауэ

КъэхъукъащІэхэм я пэжыпІэр щыхубэм я деж нэхьэсыныр зи къалэн журналистхэр къыщохутэ щІыпІэ куэдым, абыхэм зауэ зэпэщІэтыныгъэхэр щекІуэкІэри хьыхьу. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, щыхэкІуади кьоХуу.

Апхуэдэу Украинэм иджыпсту къыщыхьуэхэм тепсэлъыхь, тетхэхь журналистхэр нэщанэуапІэ ящІауэ фэ тетщ а къэралым хабзэншагъэ, гущІэгъуншагъэ щызылэжь бзаджащІэхэм. Нэхъ пасэу а къэралым щыхэкІуэда журналистхэм къахэхуащ Ягъэ канальм и оператор Клян Анатолэ.

«Сэ сызэригугъэмкІэ, журналистхэр зэрауклыр лъэпкъхэр, къэралхэр зэщІагъэхьэным хуэунэтІауэ ялэжь щІэпхъаджагъэщ», - жиІащ УФ-м и Къэрал Думэм «Урысей зэкъуэтым» щиІэ фракцэм и унафащІ Васильев Владимир, а Іуэхум зэрелпъым теухуауэ зыщыхуагъаазэм.

Псыдзэм егъэгузавэ

Футболымкіэ дунейпсо чемпионатыр щекІуэкІ Бразилием псыдзэ зэрыщІэуам гугъу иригъэхьыр а къэралым исхэм я закъуэкъым. Абы егъэгузавэ а щыналъэм зи щыхуэхр щыІэ къэралхэри.

Псыдзэм и зэранкІэ, щыпсэу щІыпІэхэм къаграгъэІэнхьукІэн хуей хьауад щыху мин 50. Абы ухуэныгъэ куэд зэтрикъутащ, щыху куэд псэупІэнщэу къэнащ. Долларыр мелард 14-м нэблагъэ чемпионатым тезыгъэкІуэда Бразилием, дауи, сыт хуэдэ зэщІыныгъэри зыхиІэнущ, ауэ щыху зэрыхьэмыкІуэдамкІэ я гур иГэсэ?.

Уэлбанэ кІыхьхэм я зэранэхэм щыщІащ чемпионатым и зэІущІэхэр щрагъэкІуэкІ Риу-Гранди-ду-Сул штатри. Фигу къэдгъэкІыжынщи, абы и къалащхьэ Порту-Алегрищ Германиемрэ Алжириямрэ я командэ къыхэхахэм я зэІущІапІэ стадионыр здэщыІэр. Псыдзэр а къалэм дэуами, абы уцІэгуэзвэн къишакъым.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэхэр нэхъыбэ мэхъу

УФ-м и щыхуэхэм дызыхуэкІуэ щыхуэхэм ящыхуэхэм ирихьэлІэ зыгъэпсэхугъуэу 28-рэ яІэнущ.

Социальнэ-лэжьыгъэ зэхущытыкІэхэр уБзыхуэныкІэ лъэныкъуищ комиссэм, УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и куэдзэ Голодец Ольгэ зи унафэщым, апхуэдэ унафэ ищІащ иджыблагъэ.

Махуэшхуэхэм ящыщу 11-р хуоз ильэсыщІэр къыщихьэн. Хэкум и хъумакІуэм, Цыхубзхэм я дунейпсо махуэхэм я щыхьхІэ щыхуэхэм загъэпсэхунущ мазаем и 21 - 23-хэм, гъатхэпэм и 7 - 9-хэм. Абыхэм ящыпащэнущ нахьыгъэ махуэшхуэхэм - Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэхэр - накъыгъэм и 1 - 4-хэм, ТекІуэныгъэм - накъыгъэм и 9 - 11-хэм. Урысейм и махуэм и щыхьхІэ щыхуэхэр махуищ зэкІэ-ІыкІуэкІэ - мэкъуэгуэгъуэм и 12 - 14-хэм - дэсынущ. Цыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэ щэкІуэгъуэм и 4-ми загъэпсэхунущ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Юрий «Советская молодежь» газетыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 75-рэ зэрырикъумкІэ.

Газетым и тхыдэр 1939 гъэм къыщюжьэ. Республикэм и газет нэхъыфІ дыдэу яІаГъуэхэм ящыщыр - «ЩІалэгъуалэм я газетыр» - сыт щыгъуи купщІафІэу, гъащІэм къыгъэуІуэну нэхъыщхьэ дыдэхэм ятпэджэжу къокІуэкІ. Абы и редакцэм я лэжьыгъэ гъуэгуанэр къыщрагъэжьащ журналист, политик, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ куэдым.

Газетыр адрейхэм къаззэрыхэщхьэхуэкІыр социальнэ Іуэху нэхъ ткІийхэр къызэрИэтым и мызакъуэу, щІэблэр иджырей гъащІэм хэгъэзэгъэнми зэрытепсэлъыхьырщ.

Сыт хуэдэ Іуэхури куууэ зэрызэпкърихьым, дэтхэнэ къэхъукъащІэри пэжыгъэ хэльу къызэригъэльагъуэм, псалъэмакъэкІи гъэщІэгъуэну зэрыригъэкІуэкІым къыхэкІыу газетыр гъэщІэгъуэнщ, щІэщыгъуэщ икІи куэдым зэІэпах. Ар ди ЦІыхухэм КЪБР-м и къэралыбзэу щыкІэ йопсальэ икІи дэтхэнэми гунэс щохъу.

Творческэ лэжьакІуэхэм сохъуэхуу япэ итахэм яхуэфащэу, захуагъэмрэ журналист пэжыгъэмрэ я хабзэхэм яхуэпэжу дяпэкІи екІуэкІыну.

• Ди псэлъэгъуахэр

КЪУЭДЗОКЪУЭ Мухьэмэд: Налшык едгъэфІэкІуэну ди пщэ къыдохуэ

Налшык и Іэтащхьэм жэуап кърет республикэм и щыхьэрым щызэфІагъэкІын хуейхэм ятеухуа упщІэхэм

- Егъэджэныгъэ Іэнатіэмкіэ къыщІэддзэмэ, Налшык курыт еджапІэхэр хурикъурэ?

- 2014 гъэм гъатхэпэм и 1-м ирихьэлІэу къата бжыгъэхэм ятепщІыхьмэ, къалащхьэм и школхэм йокІуалІэ сабий мин 24-рэ 451-рэ, ауэ щрагъэджжэфынущ мин 25-рэ 35-рэ. Зэ елпыгъуэкІэ яхурикъу хуэдэщ, ауэ къыхэсэщыпхъэщ 1-нэ, 4-нэ, 5-нэ, 6-нэ, 7-нэ, 9-нэ, 13-нэ, 14-нэ, 18-нэ, 21-нэ, 27-нэ, 28-нэ, 29-нэ, 32-нэ школхэм я еджакІуэхэр (нэгъуэщІу жыпІэмэ ныбжьыщІэ псоми я процент 22,4-р е 5495-р) пщэдджыжьыкІуэрэ щэджагъуакІуэу ягъэшын хуей зэрыхъур.

Къалэм и школхэр нэхъыбэу зытетыр сабийхэр дерс щхьэхуэхэм хухаха пэшхэм щегъэджэным и хабзэрщ. Псалъэм папщІэ, информатикэм, химием, физикэм, хамэ къэралыбзэхэм, анэдэлъфыбзэхэм, технологием хухаха пэшхэм нэгъуэщІ предметхэмкІэ щрагъэджэфынукъым.

ЕджакІуэхэр щыпхъыбэр къалэкъум хуэзэ школхэрщ. А Іуэхущ Іапі Іэхэр пщэдджыжьыкІуэ еджэм тедгъэхьэн тхуэфІэжьыкъым.

Къалэнхэр зэфІэтхуфынущ дымыгъэгувэу школыщІэ Тэрчокъуэм и цІэр зезыхьэ уэрамым (ищхьэрэ-къухьэпІэ Іыхьэ), «Дубки» хьэблэм («КъуэкІыпІэ» хьэблэр щагъэтІысыным) щыхуэмэ, «9-нэ гимназие» МКОУ-м тІысыпІэ 650-рэ, 5-нэ школым тІысыпІэ 550-рэ, 9-нэ школым тІысыпІэ 650-рэ зиІэ пэшхэр кьыпащІыхьмэ.

- Школхэмрэ сабий садхэмрэ терроризмэ щІэпхъаджагъэхэм щыхъумэным и Іуэхур, ди жагъуэ зэрыхъущи, иджыри ткІийщ. Къалэ администрацэм сыт ищІэрэ сабийхэм я щынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкІэ хуэгъэзащІэ?

- Къалэм и щыпІэ администрацэм цІыхухэм, псом хуэмыдэу ди сабийхэм, я щынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкІэ хуэгъэзащІэ Іуэху куэд зэфІегъэкІ, Іуэхущ Іапі Іэхэр яхъумэ. Псалъэм и хьэтыркІэ, видеокамерэхэр, бжьыхь лъагэхэр ягъэуващ, уэздыгъэхэр фІадзащ, Іуэхущ Іапі Іэхэм екІуэлІэныр нэхъ гугъу хъуащ. АрщхьэкІэ Іуэху псори къызэщІаубыдэфырыкъым, ахъшэр къаззэрмэщІэкІым къыхэкІыу. Къапщтэмэ, егъэджэныгъэм епха Іуэхущ Іапі Іэхэр къана щымыІэу терроризмэм и шынагъуэм щахъумэныр къызэрагъэпэщыным сом мелуан 72-рэ текІуэдэнущ.

Абы къыдэкІуэу сабийхэр мафІэсым и шынагъуэм щахъумэн папщІэ сом мелуан 30 хуеинущ. Нэхъапэм республикэ программэмкІэ ахъшэ хухахырт хьыбар зэрыгъащІэ автомат Іэмэпсымэхэр ягъэувыным. Иджы йогупсыс апхуэдэ республикэ программэщІэ зэхэлъхьэным.

- Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и накъыгъэ указэхэр, КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Юрий и унафэхэр сыт хуэдэу къалэм гъэзэщІа щыхъуэрэ егъэджакІуэхэм я курыт лэжьапщІэр къэІэтыным ехьэлІауэ?

- Налшык къалэну щагъэуващ курыт щыхьэм щезыгъаджэхэм я курыт улахуэр 2014 гъэм экономикэм и Іэнатіэхэм ику иту щызекІуэ лэжьапщІэм лъэщІагъэхьэну, нэгъуэщІу жыпІэмэ, сом мин 17-рэ 200-рэ хуэм хуейщ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).



• КъБР-м и Парламентым

Ялэжьар мащІэкъым

КъБР-м и Парламентым щекІуэкІа зи чэзу зэІущІэм Іуэхугъуэ 30-м нэблагъэм щыхэплъащ. Парламентым и еплІанэ зэхуэсыгъуэм и иужьрей зэІущІэр иригъэкІуэкІащ абы и Унафэщ Чеченов Ануар.

КъБР-м и Парламентым и депутатхэм республикэм и Іэтащхьэр зэрыхахыну щыкІэм тепсэлъыхьащ КЪБР-м и Парламентым Хабзэубзыху Іэнатіэмрэ къэрал уэсныгъэхэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Мэремыкъуэ Арсен**. Іэтащхьэр щыхахыну махуэу траухущ жэпуэгъуэм и 9-р. Мы гъэм и мэлыхьыхьым КЪБР-м и Парламентым зэхъуэкІныгъэхэр хилъхьауэ щытащ «КЪБР-м и Іэтащхьэр зэрыхах щыкІэр» законым. УФ-м и Президентым къигъэлъэгъуэнущ а Іэнатіэр зыхуэбгъэфащэ хъуну цІыхуищ.

- КЪБР-м и Іэтащхьэр хахынущ Парламентым и депутатхэм. ФокІадзэм и ТхакІуэ Парламентым и Парламентым и етхуанэ зэхуэсыгъуэм хэтынухэр хахынущ. Щхьэж и къулыкъым пэрывзхуэ зэман гуэри дэкІынущи, жэпуэгъуэм и 9-р ди Іэтащхьэр щыхэтхыну махуэу тедухуэнри сфІэигъущ, - жиІащ Мэремыкъуэ Арсен.

Чеченов Ануар къыхигъэщащ фокІадзэм и 14-м екІуэкІыну хэхыныгъэхэм я ужькІэ КЪБР-м и Парламентым и етхуанэ зэхуэсыгъуэм и япэ зэІущІэр зэрырагъэкІуэкІынур, абы Парламентым и УнафэщІыр, абы и къуэдзэхэр, комитетхэм я унафэщІхэр зэрыщыхахынур.

2014 гъэм республикэ бюджетым и Іуэхукіэ, 2015 - 2016 гъэхэм ар зыхуэдэнкІэ хъунум теухуауэ къэпсэльащ КЪБР-м финансхэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Мишковэ Иринэ**. Абы жиІащ республикэм и бюджетым сом мелуан 537-рэ къыхэхъуэу сом мелард 23-рэ мелард 688,1-рэ хуэдиз зэрыхъуар. Республикэр зыхуэныкъуэну къабжа мылъкур сом мелард 28-рэ мелуан 679,8-рэ мэхъу. Бюджетыр щыщІэнущ сом меларди 5-м нэблагъэ.

ЗэІущІэм щаубыхуащ пенсионерхэр зы мазэм къриубыдэу я нэхъ мащІэу зыхуеину ахъшэр сом 6 580-рэ зэрыхъунур.

КЪБР-м и муниципальнэ районхэмрэ къалэхэмрэ я щІыпІэ самоуправленэхэм хуитныгъэ щхьэхуэхэр етынымкІэ, сабий зеиншэхэр ПІыным и Іуэхукіэ къэпсэльащ КЪБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министрым и къуэдзэ **Устэ Джульеттэ**.

КЪБР-м и къэрал мылъкум и приватизацэм и Іуэхукіэ Правительствэм къыхилъхьар Парламентым и депутатхэм кьащтащ. Уней мылъку хъун хуейхэм ящыщу «Курорт-Эльбрус» ОАО-м и процент 46,77-р, сом мелуан 612-м нэблагъэ зи уасэ яхъуар мылъкур.

КЪБР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэм иІэну зэхэткІэм теухуа гупсысэ къыхилъхьащ ЩІалэгъуалэ Іуэхуэмкіэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмкІэ, хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ комитетым. Палатэм хыхьэну гупыж зэраІэмкІэ тхыгъэхэр къагъэхьащ цІыху 74-м. Комитетым и унафэщІ **Хъущхъуэжь Татьянэ** игъэнэІуащ нэхъ зыхуэфащэхэр къызэрыхахыну щыкІэр.

ЗэІущІэм унафэхэр къыщащтащ Налшык къалэ и суд Іуэхущ Іапі № 6-м и судья къулыкъум Лыдэжьдэ Аслъэн, Прохладнэ районым и суд Іуэхущ Іапі № 1-м и судья къулыкъум Хьэщіэ Алим пэрыгъэувэнымкІэ. Маликовэ Лидие жылагъуэм и лІыкІуэу республикэм и хеящІэхэм я квалификацэ гупым хагъэхьащ.

Илъэситхум къриубыдэу КЪБР-м и Парламентым илэжьаным теухуауэ къэпсэльащ Чеченов Ануар (абы жиІар щхьэхуэу къытедгэнущ).

ГУГЪУЭТ Заремэ.

ЗэфІагъэкІахэм хоплъэж

КъБР-м и Парламентым и деж щыІэ Жылагъуэ советым и лэжьыгъэр къыщипщытэж зэІущІэ иджыблагъэ екІуэкІащ, еплІанэ хэхыгъуэм и депутатхэм я иужьрей зэхуэсым и пэ къихуэу. Ар иригъэкІуэкІащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ Чеченов Ануар.

- ПАРЛАМЕНТЫМ и еплІанэ хэхыгъуэм и депутатхэм лэжьыгъэшхуэ зэфІагъэкІащ, кьапщтэмэ, абы хэлъхьэныгъэшхуэ хуащІащ Жылагъуэ советым хэтхэм. Фэ фытепсэлъыхьащ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъуэ куэдым, фи еплъыкІэхэр утыку кьыфхьащ, нэхъыщхьэращи, ди зэІущІэхэм кьыщыштта унафэхэр гъэзэщІа хуащ, - жиІащ Чеченов Ануар. - Парламентым и еплІанэ хэхыгъуэм и лэжьыгъэр и кІэм нэсащ. АдэкІэ фокІадзэ мазэм екІуэкІыну хэхыныгъэхэм Парламентри политикэ партэхэри хуэхъэзырщ. Сэ шэч кьытесхьэрэкъым иджырей депутатхэм ирагъэкІуэкІа ІуэхуфІхэм кьыпащэу гупыщІэр зэрылэжьэнум.

ИригъэкІуэкІа лэжьыгъэр зыхуэдэм, абы кьырикІуэхэм щигъэгъуазэу зэІущІэм кьыщыпсэльащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым и чэнджэщгъуэ Бэрсэдж Анатолэ.

- Иджырей жылагъуэр хуэныкъущ цІыхубзэр зыхуэйр утыкум кьизыхьэн, абыхэм я Іуэхуэхэр дзэзыгъэкІын зэгухьэныгъэхэм, - жиІащ абы. - Апхуэдэ зэгухьэныгъэхэм ящыщ зыщ ди Жылагъуэ советри. Абы и къалэн нэхъыщхьэр ди республикэм и цІыхухэм я псэукІэрэ гъэфІэкІуэныгъэмкІэ Іуэху еплъыкІэ пыухыкІахэр, чэнджэщэр кьыхэльхьэнырщ. Советым цІыху 29-рэ хэтщ, дэтхэнэми пщІэр республикэм щыпІагащ, Іуныдж иІэщ. Абы хэм яхэтщ экономикэ, социальнэ зэпэщищгъэзэгъэным, кьыхьхьэ гупсысэкІэмрэ мыхьэнэ яриту зэрызэдэлэжьам папщІэ.

- Дэ дызэгъуэзу Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхухэм дахуэлэжьащ, - жиІащ Чеченов Ануар. - Фэ утыку къифхьа гугъуэхэр зэфІэгъэкІынным теухуауэ депутатхэм законэм я проектхэр зэхагъэуващ. УзынШагъэ фиІэну, фефІэкІуэну, республикэм щыпсэу дэтхэнэ зыми и Іуэху дэкІыну си гуапэщ.

ЩІХЬЭЩЭМЫЩІ Иззэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ

Куэдыр пхурикъуркъым, мащІэр къыбдохуэж.

Дзыхь нэхъыбэ зыхуащIхэр

● Пшыхьхэр

Налшык къэрал киноконцерт гъэлэгъуапIэм иджыблагъэ щагъэлъапIащ медицинэм и лэжьакIуэхэр. Пшыхьым хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий. КъБР-м и Парламентым и Тхьэмадэ Чечонов Ануар. Правительствэм и Унафэщ Храмов Константин, министерствэхэм я лIыкIуэхэр.

ЗэIУЩIэ гуапэр кьызэIуахащ Къэбэрдей-Балъкъэр, Ингуш республикэхэм щIыхь зиIэ я артист Зеущэ Iуесрэ КъБКъУ-м и цIыхубэ хорымрэ ягъэзащIэ «Хьэлат хужь зыщыгъ цIыхухэр» уэрэдымкIэ. АдэкIэ утыкум кIыхьащ университетым и медицинэ къудамэр мы гъэм къэзыух ныбжьыщIэхэр. Абыхэм кьызэхуэсахэм я пащхьэм урысей дохутырым и тхьэрыIуэр щатащ.

- Дохутыр Iэщ1агъэм иIэ мыхьэнэмрэ абы пылъ жыгъаплиныгъэмрэ кьыпхуэмыIуэтэным хуэдизу инщ. Медицинэм и лэжьакIуэхэм дэ дзыхь яхудощI нэхъ лъапIэ дыдэу диIэр – ди узыншагъэр. Абы кьыхэкIыу жэуаплиныгъэшхуэ зыпылъ фи лэжьыгъэм сытым дежи жылагъэм пщIэ щиIэнщ, - жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэм и кьалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ **КIуэкIуэ Юрий**. – Узыншагъэр хьумэн Iэнатlэр сыт и лъэныкъкIэм зыхуей хуэзэу кьыззымыгъэпэщауэ япэкIэ укIуэтэфынукъым. Аращ иужьрей илъэсхэм я зэнатIныгъэм кьэралым гулъытэ нэхъыбэ щIыхьищIыр. Нобэ республикэм Iуэхугъуэ куэд щызэфIагъэкI узыншагъэр хьумэн Iэнатlэм и мылъку-техникэ лъабжьэр егъэфIакIуэным, медицинэм щIэуэ кьыхьыхэ Iэмалыщ1эхэр кьыщагъэсэбэпыфын Iуэхущ1апIэхэр кьызэгъэпэщ1ыным хуэунэтIауэ. Абы ипкъ иткIэ ирагъэкIуэкI Iэжьыгъэхэм я гугъу щIыIэмэ, амбулаторэхэмрэ поликлиникэхэмрэ зэрызрагъэужьыным, Iэщ1агъэлIэхэм щытыкIэ тэмэм кьахуэзгъэпэщ1ыным нэхъ трагъащIэ. Медицинэ лэжьакIуэхэм я улахуэм хэгъэхуэным теухуауэ кьылэн зыщ1ытщIыжьхэр дгъэззэщIэнуц. Республикэм узыншагъэр хьумэн и Iэнатlэр гулъытэ нэхъыбэ зыгъэтхэм ящIщ зы хьун папщIэ, Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и унафэм ипкъ иткIэ, дз ерыщу дыхущIэжьунщ а унэтIныгъэм адэкIи зарызедгъэужьыным. Иджырей медицинэм кьегъэув дохутырхэм щIэныгъэ куу, Iэзагъэшхуэ яIэныр, цIыхугъэ нэх яхэлъыныр. Абы кьыхэкIыу гулъытэ нэхъыбэ хуэтщIынущ медицинэ лэжьакIуэхэм я щIэныгъэм хэгъэхуэным. Шэч кьытесхьэркъым, зэгъуэгу дыхущIэкIымэ, республикэм узыншагъэр хьумэн и Iэнатlэр едгъэфIакIуэнымкIэ зыхуэдгъэувыжа кьалэнхэр къызэрыдэхъулIэнум. Апхуэдизу дэ кьыдгурыIуэн хуейщ фIагъ лъагэ зиIэ медицинэ Iэмэпсымэри щIэныгъэ куури дохутырым сымаджэм хуищI гулъытэм япэ зэримыщIыр. Зэрыжаlэу, дохутыру ущытынкIэ – ар Тхьэм кьалэн кьыпщидIа Iуэхущ. Академик Бехтерев Владимир кьызэрыхигъэщамкIэ: «Дохутырыр кьепсэлъыIа нэужь сымаджэр нэхъыфI мыхъуамэ, абы щыгъэм ар дохутыркъым».

Нобэ мы пэшым кьыщIэзхуэсащ жэуаплиныгъэшхуэ зыпылъ кьалэн гугъур пщIэ яIэу езыхьэкI, я Iэнатlэм гукIи псэкIи етауэ пэрыт, Iэзагъэшхуэ зыбгъэдэлъ цIыхухэр. Си гум кьыбгъэдэкIыу сынывохъэхъу фи Iэщ1агъэм епха махуэмкIэ икIи апхуэдэ лжьыбгъэ гугъу зэрефхьэкIым папщIэ фIыщIэ фхузощI.

Адэкlэ КIуэкIуэ Юрий кэрал дамыгъэ лъапIэхэр яритыжащ ахэр зыхуагъэфэща цIыху 17-м.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ **Чечонов Ануар** махуэшхуэр зейжм екъуэхъуащ езыхэр зи хьумакIуэ узыншагъэм щымыщIэу, екъуIэныгъэхэр яIэу, зи ужь ит Iуэхум гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ кьыхахыу Iэнатlэм пэрытыну. Республикэм узыншагъэр хьумэн и Iэнатlэм екъуIэныгъэфIхэр кьыщIэзыгъэлъагъуэ лэжьакIуэхэм абы ригъэтащ КъБР-м и Парламентым и Щ1ыхь тхылъхэр.

Медицинэм и лэжьакIуэхэм я махуэшхуэмкIэ екъуэхъуащ икIи Iэнатlэм щыгъэпсыкIуэ Щ1ыхь тхылъэмкIэ яхуэупсащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 **Храмов Константин**.

- Псалъэ гуапэ куэд кьыфхужакIащ си япэ утыку кьихьакъэм, абыхэм адэкIи кьыпащIнущ, - кьыхиигъэщащ Храмовым. – ФIыщIэ фхузощI фи Iэнатlэ гугъур хьэлэну зэрефхьэкIым, ди узыншагъэр фхъумэным фи гуащIи фи эмани фемыблэжу фызэрытелажьэм папщIэ. ЦIыхум и узыншагъэм, и гъащIэм и хьумакIуэхэм фи пщIэр яинщ, фз фхузэфIэкIыр къэплъытэмэ, Тхьэр кьызэрыфхуэупса зэчиир нэсу кьызэрыбгъэсэбэпыр нэрыльагъущ.

КъБР-м узыншагъэр хьумэнымкIэ и министр **Шэт Ирмэ** жиIащ блэкIа илъэсыр медицинэм и лэжьакIуэхэм я дежкIэ тыншу зэрыщымытар, Iэнатlэм зэхъуэкIныгъэ куэд зэрыщIэкIуэкIар.

- ЦIыхухэм ягъуэт медицинэ Iэхэутхъэбзэхэр нэхъри егъэфIакIуэным теухуауэ узыншагъэр хьумэным и Iуэхущ1апIэ щхьэхуэхэр зэрызэхагъэхьэжам Iуэхум куэдкIэ зригъэужьащ, псом хуэмыдэу абыхэм я мылъку-техникэ лъабжьэр гъэбыдэным хуэунэтIауэ, - жиIащ министрым. – Лэжьакlуэхэм я Iэзагъэм хэгъэхъуэныр япэ идгъэщ Iуэхугъуэхэм ящыщ1, абы кьыхэкIыу ахэр щIэныгъэкIуэхэр ящIэ, ящIэ, ящIэ,

● Къэрэшей-Шэрджэс - Къэбэрдей-Балъкъэр - Израиль

Адыгэхэм я цIыхугъэмрэ гумащIагъэмрэ журт профессорыр етхьэкъу

Иджыблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ щыхьэIащ Израилым, Тель-Авив щыIэ университет зэIухам и профессор, абы и зы кафедрэм и унафэщI Аурон Яир (Auron Yair), Кфар-Камэ дэт адыгэ музейм и тхьэмадэ Тхьэуэхъуэ Зухьеррэ операторыр Нэпсо Рудинрэ.

Израилым щыщ цIэныгъэлI-тхыдэджыр 1945 гъэм мэлыжьыхьым и 30-м къалъхуащ. Социологиемрэ тхыдэмрэ ар щыхуеджащ Тель-Авив университетым (бакалавр), Иерусалим дэт Журт университетым (магистр). ИужькIэ Франджым, Сорбоннэ, и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ, арауф философиемкIэ и доктор диссертацэри щыпхигъэкIар. Ар хэтщ тхыдэр, геноцидыр зыдж щIэныгъэлIхэм я дунейпсо ассоциацэ зыбжанэм. Яир и Iэдакъэ къыщIэкIащ «Скорбь познания. Вопросы преподавания катастрофы и геноцида», «Необъяснимое равнодушие. Сионизм и геноцид афмэн», нэгъуэщIхэри. Ахэр щIрит, урыс, ерэмэлы бзаэхэмкIэ къыдигъэкIащ. Европэ журтхэм къыкIэлъыдзэрахьа лъапсэрыпым, ерэмэлыхэм лъэпкъгъэкIуэдыр къызэрыхуагъэкIуам теухуа лэжьыгъэ куэд иIэщ профессорым.

АУРОН Яир куэд щIауэ йолэжь лъапсэрыхьр зи натIэ хъуа лъэпкъхэм я щIэкIэ-псэукIэм, къыкIэлъыдзэрахьа лейм зэхэзехуэн ищIа цIыхуэхэм я гъащIэр зэрыхъуам. Абы къэхутэныгъэ кууэкр иригъэкIуэкIащ журтхэмрэ ерэмэлыхэмрэ я лъэпкъгъэкIуэдым къежьапIэ хуэхъуэмрэ абы къиша насыпныщагъэмрэ ятеухуауэ. Адыгэ зэрыс республикэхэм къыщIэкIуар и лъэпкъэгъуэхэм Хэку зауэшхуэм щыгъуэ ятелъа бэлыхьымрэ шэрджэсхэр абыхэм зэрадЗэпыкъуамрэ ятеухуа хьыбархэр зэхуихьэсыжьыну аращ.

Яир и лэжьыгъэм къыщыщIидзар Къэрэшей-Шэрджэсым хьыхьэ Бесльэней къуажэрщ. А жылэм щыщ, Урысейм ис адыгэхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ автономиеи и унафэщI **Уэхъутэ Александр** хьэщIэхэр къриГъэблагъэри, къуажэм ишащ.

Жылэдэс нэхъыжьхэмрэ 1942 гъэм адыгэхэм яхъума хамэ сабийхэмрэ (иджы ахэр адыгэ цIэунэцIэ зезыхьэ, зи ныбжь хэкIуэта къуажэдэсхэр) яIущIащ профессорыр, хьыбар гъэщIегъуэн куэди иригъэдэIуащ.

1942 гъэм и щыщхэуIу мазэм Тебэрды эльныкъуэмкIэ зыунэтIа шыгу зэщIэщIар Бесльэней къыщыхьыIат. Абы исыр Ленинград блокадэм къриГ щхэт сабийхэрт. Ахэр здэкIуэм псэууэ нэсыным щэчышхуэ хэлът, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, Гитлер унафэ ищIат журт псори, я ныбжьым емылъытауэ, зэтеукIэн хуейуэ. Шыгухэр гъуэгу здытетым, нэмыщэ кхъухьлатэхэр бомбэкIэ яхэуэрт, ахэр Бесльэней щынэсам сабиищэ хуэдизэ исыжу арат, узыр кьеIэрэ, гъаблэм ихьу. Сабий ибэхэр къуажэдэхэм щалъагъуэм, занщIэу къагурыIуащ абыхэм къапэплъэр зэрыжажьыр. Гъуэгуанэр зыхуэмышэчыж, къаруушIэ дыдэ хъуа цIыкIуэхэр кхыхашри, унагъуэхэм зэбграхауэ щытащ.

Бесльэнейдэс Лахъу Шурэ профессорым хуиГуэтэжащ журт сабийхэр я деж къыщыкIэ пщыхьащхьэм къуажэм и Iэтащхьэ Уэхъутэ Мурэзбэч и унафэкIэ сабий 32-рэ дэфтэрхэм иратхауэ зэрыщытар, нэху кьеIа неужь, дэтхэнэми адыгэцIэ фIащу я бын хуэдэу адэкIэ зэрапIар. Мурэзбэч политикэм фIыуэ хищIыкIырт, журтхэмрэ нэмыщэхэмрэ я зэхуэщытыкIэм фIыуэ щыгъуазэт, ауэ сыт хуэдэ бэлыхь къиКIынуми, адыгагъэмрэ цIыхугъэмрэ зи нэрыгъ лIы Iущым сабийхэр иригъэукIакъым.

Абдеж щыIэхиха хъыбархэм къигъэгумэщIащ псоригъэпсыр икIи апхуэдэ лIыгъэрэ гущIэгъуэрэ щIыпIэ куэдым уэрыщирмыхьэлIэнур къыхигъэщащ.

Къэрэшей-Шэрджэсым лэжьыгъэр щызэфIэкIа нэужь, хьэщIэхэр Налшык къэкIуащ. Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ХьэфIыщIэ Мухьэмэд** Израилым къикIа щIэныгъэлIымрэ ди лъэпкъэгъуэхэмрэ къригъэблагъэри, лэжьыгъэ IуэхукIи ядэIэпыкъуащ, адыгэхэм я щыIэкIэ-псэукIэр яригъэлъэгъуащ, ди щэнхабзэмрэ щэнхабзэмрэ щигъэгъуэащ.

Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм журт унагъуитI зэхэпшечIа, Исльэмей къуажэ щыпсэу Балъкъэхэ ХьэфIыщIэрэ КIуакIуэ я къуэ Лолэ и унагъуэм Iуэхум щыпищащ профессор Аурон Яир. Журт сабийхэм дапIа Лолэ иджыпсту и ныбжьыр илъэс 80-м нэблагъэщ, апхуэдизкIэ акъыл жан иIэщи, дэлъху-шыпхъу хуэхъуа журт цIыкIуэхэм и сабиигъуэр ядигъэкIуауэ зэрыщытам гъэхуауэ топсэлъыхьыж.

Яир къызытекIухьа Iуэхур Балъкъыызхэ я дадэм щыгуригъаIуэм, IэпIэ гуапэ хуищIащ, журтхэр я благъэ дыдэу зэрыщытыр, а лъэпкъым щыщ дэлъху-шыпхъу куэд зэрИэр жиIащ.

- Хэку зауэшхуэм щыгъуэ ди деж унагъуитI - Шаломовхэр Романовхэрэ - щыпсэущ, - къеIуэтэж Лолэ. - Ди анэм зыкъыуигъэукIынт, абыхэм лей къатримыгъэхьэн щхьэкIэ. Нэмыцэр къыщысами, нэхъапэкIи абыхэмрэ дэрэ фIы дыдэу дыззэрыльагъурт. Сэ сыщIалэжь цIыкIуу ныбжьэгъу схуэхъуат Матвей. Нэмыцэ зэпхъуакIуэхэр ди республикэм къыщысым, абыхэм яIэщIэкIуэдэнкIэ шынэ журт гуп хьэлъэзешэ машинэкIэ ХьадашауэщIатащ ди къуажэ. Абыхэм ящыщ ди деж къыIухьэри, ди адэмрэ ди анэмрэ къельэIуащ пщIалъэкIэ щрадгъэпсэуну. Я тепIэмщIэлъыни, я хьэпшыпи къашэри къытхэтIысхьахэт. Ди адэанэм фIы дыдэу къагурыIуэрт фашистхэм ар къащIэмэ, къызэрыхуамыгъэгъунур. Ауэ псэзэпылъхьэпIэ ихуахэр уэрамым кьыдэбнэнт, сыт хуэдэ напэ, гу уиIэн хуейт абы щхьэкIэ?!

Дадэм щыгъуэщажьым къахэтIысхьа унагъуэхэм я нэхъыжьхэри, абыхэм я щIэблэри. Илъэс бжыгъэ куэд щIауэ ахэр Къэбэрдей-Балъкъэр имысыж пэтми, я цIэхэр ещIэж, хэт дэнэ щыпсэуми щыгъуазэщ, дунейм екьжахэми увыIэпIэ дахэ къаритыну яхуолъаIуэ. Балъкъызхэ щапIа журтхэр иджыпсту Израилым, Германием щопсэу. Шаломовэ Марьян зыпхъуэр зы кхъэр - Iэмминатрэ Тутайрэ - нIэт, Тутай и щхьэгъусэр Тосэт, а тIум я къуэхэу Рафик, Жорэ, Роман сымэ ящIыгъут, Iэминати Романовхэ Давид и щхьэгъусэти, пхъунтI - Дусэрэ Розэрэ, зы къуэ КIулыку (МатвейкIэ зэджэ и ныбжьыгъуэ) сымэ Балъкъызхэ къахэтIысхьат.

- Румынхэр нэмыцэхэм я гъусэу зауэрт абы щыгъуэм, - къеIуэтэж дадэм. - Ахэр ди къуажэм къыщыдыхьам деж унащхьэ чэзуэу я кхъэзакIухьырт, журт щIэсрэ щIэмысрэ зрагъащIэрт, Гитлер и унафэкIэ яукIын хуейти. Ди унагъуэм зыгуэр къыщихьам деж ди анэм дэ, кьилъхуаэр, дыуигъэкIуэтырти, «мыхэр сэ къэслъхуащ, къэпIэ, фикъемыIуса», - жиIэуэрэ журт сабийхэр зришалIэу зэрыщытар си нэгум щIэтщ. КIулыкур сэрэ зы быдэшэ дыззедфаеу дыззэкъуэш дыдэт. Тыншу щыпсэуащ ахэр ди деж, дэри гугъу драгъэхьауэ схужыIэнукъым. Дэ тшхыр яшхырт, щIыттIагъэм щыщ ящырт, ди гъунэгъуэхэм я деж дыкIуэрэ дыщыджагурт адрей сабийхэм ещхьу. «Нэмыцэ къыдыхьащ», - зэрыжаIэу дыкъыщIэпхъуэжырти, унэм дыщыззэхуэсыжырт. Апхуэдэхэм деж Iэминат зэпхъуэжыр, зэрыжуртыр и теплъэмкIэ къащIэнкIэ гузавэкрэти. Жэщ хъуа нэужь, кьыхьуэкIыжурэ и бынунэм кьахьхьэжырт Iэминат. Марьян и кьуэрыльхуэпхъурыльхуэхэр дэльху-шыпхъу схуэхъуащ сэ, сыту жыпIэмэ, зы чыржын Iыхьэ зэхэдгъуэтмэ, зэхуэдгэушти зэдэтшхырт, дэ, къызэдалъхуахэм, зыкIи зэхэгъэж дымыщIу.

Езы Лолэ шыпхъуищ иIэт - Ленэ, ФатIимэт, Любэ сымэ. Бынунагъуэшхуэхэм зэрахьэлу, гущIанэу къыщIэкIащ Балъкъызхэ я нэхъыжьи, я нэхъыщIи. Хъыджэбзхэм журт пщащэ цIыкIуэхэр ящIыгъуу, щIалэ цIыкIуэхэр зэгъуэсу пщыхьащхьэкIэрэ зэхэст, зэдэгушIыэу, зэрытетэууэ.

- Зауэ нэужьым илъэси 5 нэблагъэкIэ дэсащ ахэр мыбы, - къыпещэ дадэм. - ИтIанэ Налшык Iэпхъуэри, бэзэрым и Iыгъ-нэгъуу щыпсэуащ. Абы щыгъуэми хамэ тхуэхъуакъым ахэр, благъэ хуэдэу дакIэлъэкIуэрт, къыткIэлъыкIуэрт. «Журт Марьян къэкIуащ», - жыгIэуэрэ фызыжьым къыпэджыхьырт, щIэщыгъуэ гуэркэри Iэщ Iэлъти, дыщыгуфIыкIырт.

Лолэ ипхъу Iэсияти ещIэж благъэ яхуэхъуа журтхэр къакIэлъыкIуэу зэрыщытар: «Ди анэшхуэм Iэджэрэ сишащ Марьянхэ я деж. Ахэр Налшык дэст. Адыгэ унагъуэ уихьа хуэдэу Iэнэ къызэтригъэувэрти, дигъэхьэщIэрт. ИтIанэ абы и къуэрылъхуэм вакъэ Iэзэу ящIу щытащ. Ди къуажэм къакIуэрти, ящэрт ящIа вакъэхэр, дэри къытхуахьырти, зыкъитхуэу дыдэтт».

Зы анэ къимылъхуа зэдэлъхуэзэщыпхъуэхэр

- Си лъэпкъэгъуэхэр щызэфщIалам журт фи деж щыфхъумэу нэмыцэхэм фыкъащIамэ, фэри фызэрауКIынур фщIэртэкъэ, уи адэ-анэр щыгъуазэтэкъэ абы? - щIоупщIэ профессорыр.

- Уэлэхьи, ящIэтэм, - жеIэ Лолэ. - Ауэ ди анэр мусылъмэныщхуэт, КъурIэныр IэщIэлъу апхуэдэти, а щыкIуэхэр иригъэуКI нэхъыбэ езыр яукIмэ нэхъ кьищтэрт. Дауи, шынэрт си адэ-анэр, псэ мышынэ щыIэкъым, ауэ бынунэр дауэ зэтребгъэукIэнт; «дыкъэфхъумэ» жаIэу уи куэбжэнэм къыIухьауэ. Абыхэм я пащхьэ куэбжэр щыхуэпщIыж хъурэт! Дэ тхуэдэ щIыхут ахэри, дигу къэкIыххэртэкъым ахэр а зэрыпхъуакIуэхэм яIэпIэдгъэхьэну. Къуажэдэсхэри гущIэгъу зыхэлъ защIэти, бзэгу зыхьын къахэкIакъым.

- Уэ ущыщIыкIум, ахэр уи къуэшу, уи шыпхъуэу щыплъытэм, зэрымыдыгъэм, журт лъэпкъым къызэрыхэкIам ущыгъуазэт? - фIэгъэщIэгъуэнщ Яир.

- Ауэ сытми сщIэрэт. ЯпэщIыкIэ Iэпэ тэрмэшкIэ дызэпсалъэу щытащ. ИтIанэ, пщыхьэщхьэкIэ дыщыщысым и деж дэ абыхэм адигэбзэр едгъащIэрт, езыхэм журтыбзэ дагъащIэрт. Уэлэхьи, абы щыгъуэм си къуэшхэм сагъэщIа уэрэдыр иджыри къыздэсым сощIэжым. ВжеIэн?

Профессорым и щхьэр ещIри, и нэпсыр къызэпижыхьауэ йодаIуэ илъэс 80-м нэблагъэ лIыжьым и ныбжьыр илъэси 7 хьууэ зригъэщIауэ щыта уэрэдым..

- ПэжжысIа? - щIоупщIэ дадэр.

- ПэжжыпIащ, ауэ иджыпсту дэ дызэрыпсалъэ бзэр нэхъ щIэщ, уэ пасэрей ивритымкIэщ зэрыжьыпIэр, - жеIэ Яир, и гур зэрыхэхъуэр нэрылъагъуу.

Израилым къикIахэм фIыуэ щIыхьэрт Балъкъызхэ щапIа, Марьян и пхъуэлъхуэ Розэ. Ар илъэс 16 хьуху Балъкъызхэ я деж щыIащ, итIанэ дэкIуащ. Зыпхъу иIэу Израилым кIуэжауэ щопсэу.

- Ар сэ нэхърэ илъэс зытхухкIэ нэхъыщIэт. Иджыпсту илъэс 74 - 75-рэ хъуэу арагъэнщ, и гур операцэ зэращIар сощIэ. Дахэ дыдэу щытащ, уеплъ пэтми зыщумыгъэнщIу. «Си лъыр журтми, си къупщхьэр адыгэщ, зэи сызыщывмыгъэгъупщэ», - жиIэуэрэ дэкIыжащ. Си щыпхъуэхэм ящыщ зыщ ар, дауэ сщIегъупщэн? - жеIэ дадэм, хэгупсысыхьауэ.

Зэмылъэпкъэгъуми, зэдэлъхуэзэщыпхъу зэхуэхъуа Лолэрэ Розэрэ я макъкIэ зэрыщIэныр гуапэ леи зэращыхьунум егупсысагъэнщ Зухьер... Телефоныр дадэм IэщIелъхьэ, Израилым адыгэбзэ къабзэкIэ къопсэлъыкI журт нанэр. ГъащIэ лъащIэм гъэщIегъуэн куэд зэрыщIэтэпщкIуар аргуэру зэ наIуэ сщохъу. Нанэр гъыурэ къопсалъэ: «Си дэлъху дыщэ... Сыт нэхъри нэхъ къэсщтэнт зэ нэхъ мыхъуми услъагъуэжыну... Си къуажэжьыр - Исльэмей - дауэ щыт?.. ДызэпызыщIа Зухьер фIыгъуэр Тхъэм къыхущIэ!..» Магъ, магъ нанэр «услъэгъуамэ арат, услъэгъуамэ арат», - жиIэурэ. Дадэри къэгумэщIащи, и щыпхъур трегъэуж, и Iуэхухэр зэрыдэкIым щIоупщIэ, и узыншагъэм хуэсакъыну чэнджэщ ирет...

Зы анэ кьилъхуатэкъым ахэр, ауэ зэрыщIыкIуэрэ зэдапIат, хьэлу Iыхьэ зэдагуэшат, я щэху зэрахьэлIати, адыгагъэмрэ цIыхугъэмрэ фIэкIыжри, анэкъиилъху зэхуэхъуат. ЦIыху зэхущытыкIэм гъунапкъэ зэримыIэм щыхьэт техъуэрт Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ адыгэ дадэ Балъкъыз Лолэрэ Израилым щыпсэу журт нанэ Романовэ Розэрэ я зэпыщIэныгъэр.

Дуней псом къыщацIыхунущ

Черкесски Налшыки сыщыхуэзат профессорым. Зэпымыуэ игъэщIагъуэр зыт: нэмыцэхэм къащIэмэ зэрауКIынум щыгъуазэу, журтхэр зыгъэщIкIуу кьезыгъэла адыгэхэм я лыгъэмрэ гуапагъэмрэт. Щытепсэльыхь къудейкIэ и гум хъыхьэрэ и нэпсыр къезыгъакIуэ хъыбарыр къызэрищIам, Урысейм и хэгъуэгуэм къэкIуэну мурад зэрищIам теухуа упщIэкIэ япэу зыхуэзгъэзащ.

- Си лъэпкъым кьытехьа лейм, дуней псом щыщIэрыIуэ Холокостым ятеухуа къэхутэныгъэ куэд езгъэкIуэкIащ сэ, тхьылъ кьыдэзгъэкIащ, университетми щызогъаджэ. Апхуэдэу, лэжьыгъэм сыхэсу, срихьэлIащ 1942 гъэм адыгэхэм журтхэр яхьумэуэ, нэмыцэхэм щагъэпщкIуауэ зэрыщытам теухуа дэфтэрхэм. Адыгэ щIыгужым сыкъэкIуэн и пэ хьихуэу, ди лъахэм адыгэ къуажитI зэрыщыIэр сщIэрти, сахьыхьэну мурад сщIащ. МазитI и пэкIэ сыщыIащ Кфар-Камэ дэт Адыгэ музейм. Аращ Тхьэуэхъуэ Зухьери щызэзгъэцIыхуар. Абы кьызжиIащ Iуэхум фIыуэ зэрыхащIыкIыр, уеблэмэ Бесльэней щызэрахьа лIыгъэм теухуа фильми трахауэ, Израилым щагъэлъэгъуауэ зэрыщытыр, ауэ хэкум сыкIуэрэ щIыхуэхэм сахуэзгъэзэн зэрынэхъыфIыр. Апхуэдэ Iуэхушхуэм тхьэгъэкIуэдэну мылъкур кьызэхьэлъэкIакъым, бзэмкIэ сэбэн схуэхъуну щIалэхэр кьыздежьену щыжаIэм, сытегушхуащ. Уэхъутэ Александр фIыщIэ хуэфащэ, Черкесск дыщригъэблэгъащ, Бесльэней дишэри, а лъэхъэнэм псэуа нэхъыжьыфIхэм дахуигъэзащ. ИужькIэ Налшык сыкъэкIуащ.

- Мыбы щызэхуэпхъэса псори уи дажьыгъэм кьызэрыщыбгъэсэбэпынум щач хальхьыж...

- Iэмал имыIэу. Илъэс 25-рэ и пэкIэ сыдихьэхащ сэ геноцидыр джыным. Абы лъандэрэ куэди зэхуэсхьэсащ, куэдми саIущIащ, ауэ адыгэхэм я лIыгъэм хуэдэ зэхэсхатхъым. Езыхэм кьызжаIащ: «ДыкъащIамэ, дызэрауКIынур тщIэрт, ауэ дэ тхуэдэ цIыхухэр дауэ псэзэпылъхьэпIэ кьидмэнт?» Ар хахуагъэкъэ? Си тхылъым истхэну кьудейкъым уи лъэхъэгъуэгъэ си кьуэшхэм зэрадэIэпыкъуар, атIэ адыгэр дуней псом кьыщезгъэцIыхунущ, сыщылажьэ университетым цIыху мин 25-рэ щIэсщ, абыхэм си лекцэхэм хэту сакьыхуеджэнущ.

КьищынэмыщIауэ, сэ си мурадщ Холокостым и лъэхъэнэм журтхэм ядэIэпыкъуахэм ират дэфтэрхэм хуэдэ адыгэхэм кьрегъэтыну. БлэкIам хэта зауэ зэмылIэужьыгъуэхэм журтхэр щызыхъума лъэпкъхэм, цIыхухэм иджыпсту гулъытэ хэха хуащI, дунейм щынэхъ лъапIэ дыдэ цIыхуу ялытэт. Апхуэдэ цIыхугъэр адыгэхэм ахъшэ щхьэкIи, мыльку щхьэкIи кьызыкъуахакьым, атIэ яхэлъу кьэгъуэгурыкIуауэ араш. АтIэ абыхэм кьалажьырэ Холокостым теухуауэ Израилым щыIэ институт нэхъыщхьэ дыдэм я цIэр щIэлъыну, дамыгъэ лъапIэ кьратыну?!

- Иджы япэу укъэкIуауэ араш адыгэ зэрыс хэгъуэгурэм, я цIыхугъэмрэ гущIэгъуэмрэ зэрыгъэнэщэр зыхэпщIащ, ауэ я псэукIэкIэ, я дуней тетыкIэкIэ дауэ кьыщыхъуа?

- Хуэзэдэгъэ лъэпкъ дунейм къыщигъуэтыгъуейщ. Кьабзэхэщ, губзыгъэхэщ, хьэлэхэщ, ягури я псэри зэIуха-уэ апхуэдэщ. Адыгэм и тхыдэр сфIэгъэщIэгъуэнщ, пэжым ухуеймэ. Израилым адыгэ зэрыщыпсэур сщIэрт, адыгэм и тхыдэм зауэ гуауэ зэрыхэтам сыщыгъуазэт, ауэ апхуэдэу кууэ хэсщIыкIыртэкъым. Гуауэщхэуэ фэри кьыфыщыIар, тхыдэ гуауэ фызэриIэм иджы зыщыгъгъэгъуазэу аращ. Адыгэм кьращIыIар геноцид хьэмэрэ мыгеноцид жысIэу зэхэзгъэкIыну кьаалэн зыхуэзгъэувыжьыркъым, ауэ лъэпкъым и щхьэ кьрикIуар, абы кьыкIэлъыдзэрахьар, иджыпсту я Iуэху зыIутыр зджыну сыхуейщ. Узэкъуачу дуней псом утрапхэнныр зэрымызахуагъэм тетхъыхьпхъэщ, кьызыхэкIамрэ я бзэмрэ иджыри кьыздэсым ящIэжу хамэ кьэралхэм зэрахэсыр гъэщIегъуэныщэщ. Мурад куэд сиIэу сокIуэж, щIалэ хъарзынэхэрэ зззгъэщIыхуащи, си гугъэщ кьыздэIэпыкъуну.

- Тхъэм къыуигъэхъулIэ!

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Аурон Яиррэ (*ижьымкIэ щысщ*) Тхьэуэхъуэ Зухьеррэ Балъкъыз Лолэ и унагъуэм щохьэщIэ.

● Налшык

Сурэтыр Къарей Элинэ *трихащ.*

Министерством внутренних дел по Кабардино-Балкарской Республике за совершение преступлений экстремистского и террористического характера в отношении граждан республики разыскиваются:

1. **Джангуразов Хаким Муратович**, 20.12.1977 г.р., КБР, п. Хасанья, пер. Майский, д.13.
В международном розыске с 2005 г.

2. **Кушхов Мурат Баширович**, 17.04.1977 г.р., КБР, п. Кенже, ул. Катханова, 66.
В международном розыске с 2005 г.

3. **Техажев Залимхан Мухамедович**, 04.10.1981 г.р., КБР, г. Нальчик, ул. Гагарина, 170/127.
В международном розыске с 2005 г.

4. **Мурзабеков Заурбек Мухамедович**, 07.08. 1977 г.р., КБР, г. Нальчик, ул. Кирова, д. 331, кор.13, кв.38.
В федеральном розыске с 1999 г.

5. **Абидов Замир Амдулахович**, 27.08.1972 г.р., КБР, г. Нальчик, ул. Шалушкинская, д.1, общежитие.
В федеральном розыске с 2008 г.

6. **Сижажев Ахмед Олегович**, 10.04.1982 г.р., КБР, г. Нальчик, ул. Карашаева, 102-а.
В федеральном розыске с 2009 г.

7. **Табухов Иноят Усманович**, 20.10.1988, КБР, г. Нальчик, ул Московская, д.3, кв. 114.
В федеральном розыске с 2012 г.

8. **Занкишиев Роберт Владимирович**, 06.06.1988 г.р., прож. г. Нальчик, ул. Ингушская, 25-а, кв.69.
В федеральном розыске с 2013 г.

9. **Шогенов Мурат Анатольевич**, 11.05.1984 г.р., прож. г. Нальчик, ул. Ингушская, 9-а, кв. 34.
В федеральном розыске с 2013 г.

10. **Залиханов Хасан Ибрагимович**, 30.07.1987 г.р., прож. г. Нальчик, ул. Эльбердова, 40.
В федеральном розыске с 2013 г.

11. **Шебзухов Залим Борисович**, 06.10.1986 г.р., прож. г. Нальчик, ул. Ватутина, 33, кв. 19.
В федеральном розыске с 2014 г.

12. **Касаев Артур Мухамедович**, 28.04.1975 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, Баксанский район, Кызбурун-3, ул. Кирпичная, 79.
В федеральном розыске с 1999 г.

13. **Ныров Вячеслав Леонидович**, 06.11.1982 г.р., прож. г. Баксан, ул. Ломоносова, 63.
В федеральном розыске с 2013 г.

14. **Оршокдугов Заурбек Хусейнович**, 07.01.1984 г.р., зарегистрирован г. Баксан, ул. Баксанская, 63.
В федеральном розыске с 2013 г.

15. **Шериев Астемир Асланович**, 11.06.1991 г.р., зарегистрирован: г. Баксан, ул. Могмова, 50.
В федеральном розыске с 2013 г.

16. **Озов Музарин Аликович**, 15.04.1982 г.р., КБР, г. Баксан, ул. Дымова, д.23.
В международном розыске с 2011 г.

17. **Беккаев Аслан Назирович**, 31.05.1971 г.р., КБР, Эльбрусский район, п. Эльбрус, д.1, кв.25.
В международном розыске с 2002 г.

18. **Атмурзаев Бузджигит Хасанович**, 25.06.1979 г.р., КБР, Эльбрусский район, с. Кенделен, ул. Бештокова, 10.
В федеральном розыске с 2007 г.

19. **Жаниев Алим Хасанбиевич**, 01.02.1978 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, Баксанский район, с.Кызбрун-3, ул.Пушкина, 7, проживал по адресу: КБР, Чегемский район, с. Нартан, ул. Клишбиевская, 30.
В международном розыске с 2005 г.

20. **Жириков Аслан Аниуарович**, 13.12.1976 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, Чегемский район, с. Шалушка, ул. Северная, 76.
В международном розыске с 2005 г.

21. **Жириков Арсен Аниуарович**, 15.09.1974 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, Чегемский район, с. Шалушка, ул. Северная, 130.
В международном розыске с 2005 г.

22. **Биттиров Эльбрус Хизирович**, 15.08.1970 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, Чегемский район, с. Чегем-2, ул. Степная, 47.
В международном розыске с 2002 г.

23. **Шекихачев Тимур Анатольевич**, 19.08.1972 г.р., КБР, с. Дейское, ул. Мальбахова, д.135, кв.3.
В федеральном розыске с 2005 г.

24. **Кавдинов Рафаэль Анатольевич**, 29.10.1980 г.р., зарегистрирован: КБР, с. Терекское, ул. М.Терек, б/н.
В федеральном розыске с 2005 г.

Уважаемые жители республики!
Если вы располагаете какой-либо информацией об указанных лицах, просим незамедлительно сообщить в дежурную часть МВД по КБР по телефонам: 40-49-10, 49-53-02, 72-09-36, 8-938-692-17-98.
За значимую информацию о местонахождении разыскиваемых лиц назначено денежное вознаграждение. Строгая конфиденциальность гарантируется.

● Дунейпсо чемпионат

Зыхуэфащэхэмрэ зыпэмыплъахэмрэ

Топджэгумкlэ Бразилием щекlуэкl дунейпсо чемпионатым финалым и 1/8-нэ Іыхьэм щlидзащ. Абы и зэlуlэхэм щытекlуэхэращ адэкlэ бэнэныгъэм пызыщэр, адрейхэр зэхьэзэхуэм къыхокl.

БРАЗИЛИЕМ и командэ къыхэхар еханэу дунейпсо чемпион и хэкум щыхьыну щlэхъуэпсахэр хуабжьу игъэгугъэращ Чилим абы дригъэкlуэкlа зэlущlэм. Зэпэщlэтыныгъэр апхуэдизкlэ гуащlэти, джэгум хухаха дакъикъэ бгъущlми, ныжькlэ къыщlагъуэ сыхьэт ныкъуэми хэт нэхъ лъэщми зэхигъэкIыфакъым. Джэгум и япэ Іыхьэ ныкъуэм командэхэр топ зырызкlэ зэхъуэажэри, абдежым къыщыувыlащ.

Апхуэдэу щыт пэтми, текlуар Іэмал имыlэу зэхагъэкIын хуейти, Іуэхур пенальти еуэным уэхэкlуащ. Абдежым гъуэгуанэ зыкъыщигъэлъагъуащ Бразилием и гъуащхьэтет Сезар Жулиу. Абы яп Іыхьэ ныкъуэм и Іыгъэ къригъэгъуэа иужькlэ хэгъэрейхэр нэхъ тегушхуащ икIи 3:2-уэ текlуащ.

Финалым и Іыхьэ плlанэм хьэрхуэрэгъу къыщыхуэхъунур зэхахгъэжlыну къапэщылъ Колумбиемрэ Уругваймрэ я команда къыхэхахэм. Абыхэм я гукъыдэжыр хуабжьу зэщхьэщыкlыу мы зэlущlэм ирихьэлlащ. Уругвайм и футболист нэхъыфI, зыхэта гупым инджылызхэмрэ итальянхэмрэ щезыгъэфIэкlыу адэкlэ зыша Суарес Луис Италием и гъуащхьэхъуэ Бьеллини зэредзэкъар тезырыншэу къагъэнакъым. Ар мазиплkIэ топ джэгуну хуимыту ГИФА-м унафэ къыщlат. Иджы гъуащхьауэ Іэзэр и хэкуэгъухэм зыкIи ядэIэпыкъуфынутэкlым. Абы мыхьэнэшхуэ иIэу къыщlэкlащ. Суарес зыхэмытыж Уругвайр пкъыншэ хъуащ икIи Колумбиер 0:2-уэ тыншу зытригъэкIуащ.

Хуабжьу удэзыхьэх хъуащ вэсэпшыхь зэхэта зэlущIитIри. Япэу джэгупlэ губгъуэм кьихьат мы дунейпсо зэпеуэм и гъуащхьауэ нэхъыфI дыдэхэр зиlэ Нидерландхэмрэ нэхъыфI дыдэу зызыхъумэж Мексикэмрэ я командэ къыхэхахэр. Латиноамериканхэм я джэгукlэ зэхуэщlам екъулlэныгъэ къахуихьыным зы мащlэ дыдэщ иIэжар - етIуанэ Іыхьэм и пэщlэдэхэм дагъэкlа топыр абыхэм 88-нэ дакъикъэ пщlондэ яхъумащ. Арщхьэкlэ адэкlэ къэхъуар фIэщщIыгъуейщ. Снайдер бжьгъэр зэхуэдэ щищIыжам афIэкIа нидерландхэм яхуэзфIэмыкIыну куэдым я гугъащ. Арщхьэкlэ абыхэм я гъуащхьауэ нэхъыфI Роббен, джэгум къыщlагъуа дакъикъэ епlанэр щиухым, зыхуэзэр кIуэцIритхъыу я гъуэм щыхуэкIуэм къагъэувыIэн папщlэ и хьэрхуэрэгъуэм ирадуйн хуей хъуащ. Пенальти! Ар Іэзэу игъэзэщlащ Хюнтелар икIи Нидерландхэр адэкlэ кIуэтащ. Абы хьэрхуэрэгъу къыхуэхъуащ зыри зыпэмыплъа Коста-Рикэм и командэ къыхэхар. ХытIыгу къэралыгъуэм икIахэр зэи къэмыхъуауэ финалым и Іыхьэ плlанэм нэсащ. Абы папщlэ ахэр сыхьэтитIкlэ псэемыблэжу алыджхэм еныкъуэкъуащ. Анахуэзэуэщы-мыхъум, пенальтикlэ 5:3-уэ хагъэщlащ.

Финалым и 1/8-нэ Іыхьэм хиубдэ зэlущIипlI иджыри щыIэнущ. Абыхэм щызэхуэзэнущ Франджы - Нигерие, Германие - Алжир, Аргентинэ - Швейцарие, Бельгие - США командхэр. Абыхэми адэкlэ кIуэтэну нэхъ зыхуэфащэу къалъытэхэм кьадэкIуэу зыпэмыплъахэри яхэхуэнкlэ хъунущ. Араш топдэгъур удэзыхьэх зыщIыр.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Наркотикым жедвгъэIэ: «Дыпхуейкъым!»

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Налшык къалэм и щIыпIэ администрацэм физкультурэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэ Іэхуэхэмкlэ и управленэм къызэригъэпэщащ «Наркотикым жедвгъэIэ: «Дыпхуейкъым!» зы фIащa акцэр. Ныбжьыщlэхэр я щхьэхъ бзаджэм пэIэщlэ хуащIын мурадкlэ къарахьэжьащ мы Іуэхур.

ЩIЭБЛЭ узынщэ къытущIэхъуэнырщ псом ящхьэр. Абы къыхэкIыу мы акцэм щIалэгъуалэр къыхуреджэ псэукlэ дахэ, унагъуэ насыпыфIэ, узынщагъэ быдэ яIэным, абы щхьэкlэ наркотикым зыдрагъэхьэх хъунукъым. Апхуэдэ гупсысэрщ и тегъэщIапIэр мы Іуэху щхьэпэр зэрызэхаублам.

Акцэр щекIуэкIар Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и щIыхькlэ щыIэутым и дежщ. Іуэхум жыджэру хэт ныбжьыщIэхэм а щIыпIэм щIэзэблэкI псоми хуагуэшащ хъыбарегъащIэ тхылъымпIэхэр.

- ЩIэблэр гъэзгу захуэм тегъэувэн, узынщэу псэун папщlэ, наркотик зэмыкьэлlэным хуэущиниым мыхьэнэшхуэ иIэщ, - жеIэ Налшык къалэ и щIыпIэ администрацэм физкультурэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэ Іуэхуэмкlэ и къудамэм и Іэщlагъэлl нэхъыщыхь Къанокъуэ Мариндж. А щхьэхъуэм пэIэщlэ ныбжьыщlэр нэхъ гумащlэу, гулъытэ хэлъу зэрыщытым гу лъымытэнкlэ Іэмал иIэкъым. Абы и щапхьэхэр къэдмыхьми хъуну ди гугъэщ, ауэ щIэблэр фIым хуэдгъэIуущын мурадкlэ къзэгъэлъэгъуэну сыхуейщ хабзэ хьауэ едгъэкIуэкI «Наркотикым жедвгъэIэ: «Дыпхуейкъым!» акцэм хэтхэм я Іуэхуфl зыбжанэ. МыIуэхумхэт ныбжьыщIэхэм гупьэ ящIри, Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм ящIыщ куэдым я гуапэ ящIащ ТекIуэныгъэм и махуэм иригъэлlэу. «Затишье» щIыпIэм деж щыIэ кхъэм ит, зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъ сыныр хуабжьу зэщIэкIати, ар иджыблагъэ ягъэкъабзащ гупым щыщ ныбжьыщIэхэм. Жылагъуэм дежкlэ мыхьэнэшхуэ зиIэ нэгъуэщI Іуэху куэдми я зэхэублакIуэщ акцэр зи жэрдэм щIалэгъуалэр. Аэр еджапIэ зэхуэмыдахэм ящыщщ, ауэ зэпыщIауэ, зэгурыIуэу Іуэху щхьэпэхэм хэтщ. Абыхэм я лжьыгъэр къыдаIыгъ ди республикэм щыщ волонтёр гупхэми.

ТАБЫЩ Динарэ.

● Гу зылъытапхъэ

«Имеретием щыщ нысащIэ»

Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым и мыгъэрей лэжьыгъэр зэрызэхуищIыжымкIэ хъыбар фегъащIэ икIи иужьрейуэ игъэлъэгъуэну «Невеста из Имеретии» спектакым (Рацер Борисрэ Константинов Владимиррэ я пьесэм къытращIыкlащ) фрегъэблагъэ. Спектаклыр бадзэуэгъуэм и 4-м сыхьэт 19.00-м щIидзэу Къэрал киноконцёрт гъэлъэгъуапIэм щекIуэкIынущ.

УпщIэ зиIэхэр мы телефонхэмкIэ **77-05-65, 8 928 914 99 96, 8 928 706 10 07** фыпсалъэ хъунущ.

● ХъыбарегъащIэ

Инджылызыбзэр зэвгъащIэ!

Бадзэуэгъуэм и 7-м щыщIэдзауэ лэжьэнущ инджылызыбзэм щыхурагъаджэ школ. Абы щIэтIысхьэнухэр мэкъуауэгъуэм и 30-м щегъэжьауэ ятх. Іупхэр илъэси 8 - 14, илъэс 15 - 18 хъуэхэм ятещIыхьауэ къызэрагъэпэщынущ.

ЕджапIэм къекIуалIэхэр гъэмахуэ мазэхэм къриубыдэу инджылызыбзэкIэ псэльэфу, къеджэфу, тхэфу ирагъэсэнущ. Абыхэм ядэлэжьэнур илъэс 30-кIэ США-м егъэджакIуэу щыIащ.

ЕгъэджакIуэм урысыбзэ зэримыщIэм къыхэкIыу школым щIагъэтIысхьэну ятххэр адыгэбзэ зыщIэхэрщ.

Телефоныр: 8-967-417-78-85.

Государственное казенное образовательное учреждение среднего профессионального образования Минобрнауки КБР

«Кабардино-Балкарский гуманитарно-технический колледж» объявляет прием студентов на 2014-2015 учебный год

Специальность	Квалификация и область профессиональной работы специалиста
По образовательным программам подготовки специалистов среднего звена по очной и заочной формам обучения	
Право и организация социального обеспечения	**Юрист**: реализация правовых норм в социальной сфере, выполнение государственных полномочий по пенсионному обеспечению, государственных и муниципальных полномочий по социальной защите населения
Правоохранительная деятельность	**Юрист**: реализация правовых норм; обеспечение законности и правопорядка, безопасности личности, общества и государства, охрана общественного порядка, предупреждение, пресечение, выявление, раскрытие и расследование преступлений и других правонарушений.
Социальная работа	**Специалист по социальной работе**: организация и проведение работ в различных сферах жизнедеятельности по оказанию социальной помощи нуждающимся
Финансы	**Финансист**: организация и осуществление деятельности финансовых, планово-экономических и налоговых служб организаций различных организационно-правовых форм, финансово-экономических служб органов государственной власти и местного самоуправления
Банковское дело	**Специалист банковского дела**: учет и контроль банковских операций по привлечению и размещению денежных средств, оказание банковских услуг клиентам в организациях кредитной системы
Экономика и бухгалтерский учет (по отраслям)	**Бухгалтер**: учет имущесть и обязательств организации, проведение и оформление хозяйственных операций, обработка бухгалтерской информации, проведение расчетов с бюджетом и внебюджетными фондами, формирование бухгалтерской отчетности, налоговый учет, налоговое планирование
Гостиничный сервис	**Менеджер**: организация обслуживания в гостиницах, туристских комплексах и других средствах размещения
Организация обслуживания в общественном питании	**Менеджер**: организация обслуживания в организациях общественного питания разных типов и классов
По образовательным программам подготовки специалистов среднего звена по очной и заочной формам обучения	
Реклама	**Менеджер**: организация и проведение работ по разработке и производству рекламного продукта с учетом требований заказчика
Товароведение и экспертиза качества потребительских товаров	**Товаровед-эксперт**: организация и проведение работ по товародвижению в производственных, торговых и экспертных организациях, испытательных лабораториях, органах государственного, регионального и муниципального управления
Страховое дело (по отраслям)	**Специалист страхового дела**: заключение и сопровождение договоров страхования физических и юридических лиц, оформление и сопровождение страховых случаев (урегулирование убытков) от лица и за счет страховых организаций
Техническое обслуживание и ремонт радиоэлектронной техники	**Техник**: предпродажная подготовка, обслуживание и ремонт радиоэлектронной техники, бытовой радиотелевизионной аппаратуры
По образовательным программам подготовки рабочих кадров и служащих по очной форме обучения	
Агент рекламный	**Агент рекламный**: разработка, распространение и размещение всех видов рекламной продукции
Продавец, контролер-кассир	**Продавец, контролер-кассир**: продажа продовольственных и непродовольственных товаров, консультативная помощь покупателям
Социальный работник	**Социальный работник**: проведение работ по оказанию социальной помощи на дому лицам пожилого возраста, инвалидам и другим, находящимся в трудной жизненной ситуации
Контролер сберегательного банка	**Контролер (сберегательного банка), кассир**: выполнение кассовой работы, прием платежей и депозитное обслуживание в организациях кредитной системы
Делопроизводитель	**Делопроизводитель**: выполнение организационно-технических функций по документационному обеспечению деятельности учреждений, организаций, фирм разных сфер и разных форм собственности
Повар, кондитер	**Повар, кондитер**: приготовление широкого ассортимента простых и основных блюд с учетом потребностей различных категорий потребителей
Секретарь	**Секретарь**: выполнение технических функций по обеспечению и обслуживанию работы руководителя организации, связанных с подготовкой, хранением, обработкой с помощью средств организационной техники необходимой информации и доведением ее до потребителя
Сварщик (электросварочные и газосварочные работы)	**Сварщик**: сварка и резка деталей из различных сталей, цветных металлов и их сплавов, чугунов во всех пространственных положениях
Радиомеханик	**Радиомеханик**: обслуживание и ремонт радиотелевизионной аппаратуры, выполнение работ по монтажу узлов и элементов радиоэлектронной аппаратуры, регулировка и настройка аппаратуры
Токарь	**Токарь**: токарная обработка заготовок, деталей, изделий и инструментов
Фрезеровщик	**Фрезеровщик**: фрезерная обработка заготовок, деталей, изделий и инструментов

Деятельность колледжа осуществляется на основании бессрочной лицензии № 1529 от 06.12.2012 года, серия 07Л01 №0000064 и Свидетельства о государственной аккредитации №860 от 20 июня 2013 года, серия 07А01 №0000173. По всем программам подготовки специалистов прием ведется на базе 9-х и 11-х классов, сроки обучения по программам подготовки среднего звена на базе 9-х классов - 2 года 10 месяцев, на базе 11-х классов -1 год 10 месяцев, по программам подготовки квалифицированных рабочих на базе 9-х классов – 2 года 6 месяцев, на базе 11-х классов -10 месяцев. В колледже имеются все необходимые условия для студентов: просторные кабинеты, лаборатории, учебные мастерские, компьютерные классы с доступом в Интернет, 3 библиотеки, читальный, тренажерный и актовый залы, общежитие, спортивные площадки, стадион. Выплачивается стипендия. Бесплатное питание.

Заявления принимаются с 20 июня по 25 августа 2014 г.

К заявлению прилагаются: 1. Аттестат, сертификат о результатах ЕГЭ. 2. Паспорт (копия). 3. Медицинская справка (Ф.086-У). 4. Копия сертификата о прививках. 5. Фото 3Х4 (4 штуки). 6. Приписное свидетельство (для юношей).

Адрес и телефоны для справок: *г. Нальчик, ул. Калмыкова, 246; тел.: 73-79-49; 8-905-437-22-11; 73-62-65; 8-909-491-20-08; 73-69-18; 8-963-165-68-23*

КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацIэхэмкIэ и къарал комитетым, республикэм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Советская молодёжь», «Горянка» газетхэм, «Іуащхьэмахуэ», «Литературная Кабардино-Балкария», «Минги Тау», «Нур», «Нюр», «Солнышко» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м, «Налшык» ОРТК-м, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм я лэжьакIуэхэр «Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэм и унафэщI, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Хьэжыкъарэ Алик Алий и къуэм** хуогузавэ абы и шыпхъу **Бейтыгъуэн Мэржан Алий и пхъур** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЩIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Жьэхlэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщIэмыщI Изэ.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэм я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкlэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущ Іапl эхэм ядолжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапl эм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьгъэхэм, къыщаIэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм ящ ыгъ ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныжкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Іуэхущ Іапl эм № Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Элэ, редактору НэщIэпыджэ Замирэ, корректорхэу Мырзэкъан ФатIимэ** *(2, 3-нэ),* **Щоджэн Иннэ** *(1, 4-нэ). Компьютеркlэ газетым и тепльэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.002 ● Заказ №1287